"VICTIM RIGHTS LAW CENTER ' SE YON OGANIZASYON KI LA pou ede nempòt ki moum ki viktim vyòl, kade jak oswa lòt abi seksyel jwenn jistis. Òganizasyon sa-a ap travay tou pou anpeche ke victim sa yo pa tonbe nan plis problèm ekonomik oswa sosyal apre ke yo fin sibi vyolans sèksyèl.

# Paske mwen se yon victim vyolans seksyèl....



❏ **Mwen santi ke vi mwen an danje.**



❏ **Mwen pa ta renmen ke koze sa ale nan bouch tout moun.**



❏ **M'ap viv nan yon move katye.**



❏ **Mwen genyen pwoblèm lajan e mwen pa genyen asirans pou doktè.**

Si-w se victim abi seksyel ak si-w mete yon kwa nan nenpòt ki ti bwat sa yo, tanpri rele VICTIM RIGHTS LAW CENTER pou sa jwenn yon konsiltasyon gratis e konfidansyèl avèk yon avoka.

617-399-6720
legalhelp@victimrights.org

Avoka ap ekspike-w sa-w ka fè. Si-w pa pale anglè nou genyen moun ki ka tradui pou ou.




❏ **Mwen yon ti jan enkyete sou zafè lekòl mwen.**



❏ **Mwen pa konprann anyen nan sistèm tribinal, jistis pa bò isit.**



❏ **Mwen pè pèdi travay mwen.**



❏ **Mwen pa genyen rezidans. Mwen pè pou yo pa depòte mwen.**

VICTIM RIGHTS
LAW CENTER

## Sèvis avoka ke nou bay yo:

- Gratis
- Prive ak konfidansyèl
- Nou gen moun ki pale, Fransè, kreyòl e Espayòl (nou gen moun ki pale lót lang tou)

The Victim Rights Law Center
321 Columbus Ave
Boston MA 02116
Phone: 617-399-6720
Fax: 617-399-6722
TTY: 617-492-6434
Email: legalhelp@victimrights.org

This project was supported by Grant No. 2001-WL-BX-0033 awarded by the Violence Against Women Office, Office of Justice Programs, U.S. Department of Justice. Points of view in this document are those of the author and do not necessarily represent the official position or policies of the U.S. Department of Justice.

**Lè-w voye yon ti wòch nan dlo,**

ou wè yon kantite ti sèk ki fòme sou dlo a. Se menn jan lè yon moun victim abi seksyèl, sa genyen konsekans ki ale lwen. Moun nan ka santi vi li an danje, li ka pèdi kay li , travay li, li ka oblije kite lekòl, e li ka genyen anpil lót pwoblèm. Men loi peyi pa bó isit bay moun sa yo mwayen pou yo defann tèt yo. Anplis yo ka jwenn konsiltasyon avoka gratis.